

Terapi Antiretroviral Dire Pwolonje (ART) kont VIH: Cabotegravir/Rilpivirine (CAB/RPV)



Kesyon Moun Poze Souvan pou Kliyan

Kisa ART dire pwolonje a ye?

ART dire pwolonje a se yon opsyon tretman kont VIH sou fòm piki pou moun ki gen VIH ki gen sipresyon viral ak mwens pase 50 kopi pou chak mililit (mL) viris nan kò yo. Epitou ART dire pwolonje a ede w kenbe nivo viris VIH ou nan yon nivo endetektab, menm jan ak medikaman oral pou VIH yo. ART dire pwolonje a ka ranplase medikaman oral kont VIH ou pran chak jou ak piki yo bay yon fwa pa mwa oswa chak de mwa.

Ki medikaman ki genyen nan ART dire pwolonje a?

Medikaman ART dire pwolonje ki disponib kounye a itilize de medikaman enjektab: cabotegravir ak rilpivirine (non mak: Cabenuva), ke yo rele pafwa CAB/RPV.

"Dire pwolonje" vle di medikaman CAB/RPV yo libere tou dousman ofiramezi pou kenbe menm nivo medikaman an nan kò a ant randevou piki yo. De medikaman sa yo ka diferan parapò ak medikaman oral kont VIH w ap pran kounye a.

Ki kote yo bay piki yo?

Yon pwofesyonèl swen sante bay ART dire pwolonje yo nan de piki separe. Yo bay yo swa nan misk sou chak bò dèyè oswa nan menm bò dèyè a omwen 2 santimèt apa.

Èske medikaman sa a diferan ak PrEP (pwofilaksi pre-ekspozisyon) dire pwolonje kont VIH la?

Wi. PrEP dire pwolonje a gen cabotegravir (CAB) sèlman (non mak: Apretude) epi yo itilize l pou anpeche moun pran VIH. ART dire pwolonje a gen de medikaman, CAB ak RPV, epi yo itilize l pou trete enfeksyon VIH.

Èske mwen kalifye pou ART dire pwolonje a?

Elijiblite a ka depann de diferan faktè. Si w ap pran medikaman oral pou VIH kounye a epi w gen mwens pase 50 kopi pou chak mL viris nan kò w, ART dire pwolonje a ka yon opsyon pou ou. Medikaman pou sèten kondisyon sante ka lakoz entèraksyon avèk ART dirab la. Pale ak pwofesyonèl swen sante w pou VIH la ak famasyen ou sou tout medikaman w ap pran ke yo preskri w ak sa ki san preskripsyon yo, sa gen ladan nenpòt sipleman abaz plant. Ansanm, nou ka deside si ART dire pwolonje a bon pou ou.

Èske mwen ka pran ART dire pwolonje a si mwen ansent oswa si mwen vle vin ansent? E si m ap bay timoun tete oswa m ap fè alètman?

Pale ak pwofesyonèl swen sante w pou VIH la dabò si w ansent oswa si w gen plan pou vin ansent. Yo pa konnen kijan ART dire pwolonje a ap mache pandan yon gwosès. Epitou, ART dire pwolonje a ka rete nan kò w pou 12 mwa oswa plis apre dènye piki w yo. Yo pa rekòmande ART dire pwolonje a si w ap bay tete paske yo pa konnen si medikaman ART dire pwolonje yo ka pase nan lèt ou pou ale jwenn tibebe w la. Si w ap bay tete epi w enterese nan ART dire pwolonje a, pale ak pwofesyonèl swen sante w pou VIH la sou opsyon ki disponib pou bay tibebe w la manje.

Ki efè segondè ART dire pwolonje a genyen?

Efè segondè ki pi komen yo se doulè, sansibilite, woujè, gratèl, mètri, ak chalè kote yo te bay piki a. Efè segondè sa yo lejè anjeneral epi yo amelyore amezi tan pase. Pwofesyonèl swen sante w pou VIH la ka ba ou ti konsèy pou diminye doulè, tankou medikaman pou doulè, pad glase oswa pad chalè, oswa pa chita pou yon peryòd tan ki pwolonje. Gen kèk moun ki te gen lafyè, noze, maltèt, fatig, pwoblèm pou dòmi, vètij, oswa ki te lejèman pran pwa apre yo te kòmanse piki ART dire pwolonje yo.

Kontakte pwofesyonèl swen sante w pou VIH la imedyatman si w gen gratèl, chanjman nan atitid, oswa doulè nan zo, nan jwenti, oswa nan misk.

Chak konbyen tan mwen pral bezwen ale nan klinik la si mwen pran ART dire pwolonje a? Konbyen tan randevou pou piki a ap dire?

Selon asirans ou ak plan tretman w lan, w ap bezwen ale nan klinik pwofesyonèl swen sante w pou VIH la oswa yon lòt kote swa yon fwa pa mwa oswa chak de mwa pou randevou pou pran piki yo. W ap fikse yon dat ak pwofesyonèl swen sante w la pou resevwa chak piki (yo rele sa "dat ou dakò pou pran piki a"). Dire randevou pou piki a ka varye. Ou ta dwe atann w ap pase omwen 30 minit nan klinik la, ki gen ladan 10 minit apre piki ou yo pou kontwole efè segondè imedyata yo.

Èske mwen ka reprwograme yon lòt randevou pou piki yo?

Si w bezwen reprwograme randevou a, kontakte ekip swen pou VIH ou a. Ou ka pran piki yo ant sèt jou anvan ak sèt jou apre dat ki te pwograme a. Si ou pa kapab ale nan randevou ou nan peryòd tan sa a, fè pwofesyonèl swen sante w pou VIH la konnen touswit. W ap bezwen pran medikaman oral pou VIH pou trete w jiska pwochen randevou pou pran piki w lan. Rete sou medikaman VIH enpòtan pou kontwole viris la epi diminye chans pou viris la fè mitasyon (chanje), sa ki ka fè li difisil pou trete alavni.

Kijan mwen pral peye pou ART dire pwolonje a ak vizit medikal ki asosye yo?

Peye pou ART dire pwolonje a pral depann de asirans sante w, espesyalman avantaj medikal ak famasi w yo. Si w pa gen asirans sante oswa si w pa gen ase asirans, Medicaid Eta New York, Pwogram AIDS Drug Assistance nan Pwogram State Uninsured Care la, oswa ViiVConnect kapab ede w kouvri depans medikaman ak vizit medikal yo.

- **Medicaid** peye pou yon pakèt sèvis sante konplè, selon laj ou, sikonstans finansye ou, sityasyon fanmi w, oswa kondisyon lavi w. Pou jwenn enfòmasyon sou ki opsyon asirans sante ki disponib pou ou, tankou Medicaid Eta New York, vizite nystateofhealth.ny.gov/individual. Pou jwenn enfòmasyon sou aplikasyon pou Medicaid, vizite health.ny.gov/health_care/medicaid/how_do_i_apply.htm.
- **Pwogram Swen pou Moun ki Pa Gen Asirans** yo ede Moun New York ki gen VIH peye pou depans medikal, medikaman, asirans sante, oswa depans pou peye (kopeman ak franchiz). Pou Jwenn Plis Enfòmasyon, vizite health.ny.gov/diseases/aids/general/resources/adap/index.htm.
- **ViiVConnect** bay resous pou medikaman ViiV Healthcare distribye, tankou ART dire pwolonje. Li bay enfòmasyon sou plan asirans sante w la epi li kouvri opsyon asistans finansye w yo epi li ka ede w ak pri medikaman w lan. Pou Jwenn plis enfòmasyon, vizite viivconnect.com/patient.

E si mwen vle sispann ART dire pwolonje a epi retounen nan medikaman oral mwen pran pou VIH chak jou?

Si w pa enterese nan ART dire pwolonje a ankò, ou ka travay avèk pwofesyonèl swen sante w pou VIH la pou w retounen nan pran medikaman oral pou VIH. Pou minimize chans pou gen efè segondè oswa entèraksyon ak lòt medikaman, di tout pwofesyonèl swen sante ou yo ke ou te sou CAB/RPV dire pwolonje ak dat dènye piki w la.

Mwen pare pou m aprann plis sou ART dire pwolonje a. Ki pwochen etap mwen yo?

Pale ak pwofesyonèl swen sante w pou VIH la pou konnen si ART dire pwolonje a bon pou ou. Keson ki pi enpòtan pou poze tèt ou lè w ap konsidere chanje pou ART dire pwolonje a se "Èske mwen ka pran angajman pou m ale nan randevou pou piki ak pou m kominike avèk pwofesyonèl swen sante m pou VIH la regilyèman?"

Pou jwenn pwofesyonèl swen sante pou VIH ki toupre w:

- Vizite American Academy of HIV Medicine (Akademi Ameriken pou Medsin VIH) nan bit.ly/aahivm-directory.
- Vizite nyc.gov/health/map epi chwazi "Sexual Health Servies" (Sèvis Sante Seksyèl), epi "HIV Treatment" (Tretman VIH).